



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA “LULU AK LEO” POU PWOTEJE TIMOUN YO

### *Kriminalize Movèz Repezantasyon Eksperyans ak Kalifikasyon Moun Ki Ap Pran Swen Moun yo pou Ede Asire ke Timoun Yo An Sekirite nan Men Bon Moun*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a Lwa “Lulu ak Leo” a (Lulu and Leo's Law) (A.11125-A/S.9070-A) pou ka etabli krim movèz repezantasyon ki komèt pa, oswa nan non, yon moun ki ap pran swen timoun yo. Pwojè lwa a te pwovoke pa lanmò Lucia ak Leo Krim anba men bebisitè yo a ki te gen fo enfòmasyon nan aplikasyon li an pou li te ka vin yon moun ki ap pran swen moun.

“Okenn paran pa ta dwe pè pou timoun yo an danje nan men pwòp moun ke yo te konfyè yo pou pwoteje yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Antan ke papa twa pitit fi, mwen pa ka imajine atwosite ak lapèn ke fanmi Krim te eksperimente, epi pandan ke anyen pa ka efase sa, mwen fyè pou mwen siyen lwa sa ki pral ede pwoteje timoun New York yo epi bay paran ak moun yo renmen yo lapè nan tèt.”

“Antan ke yon manman, mwen konnen jan li enpòtan pou nou kapab fè konfyans a moun ki ap pran swen timoun ou yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Moun ki ap pran swen moun yo sipoze pwoteje timoun nou yo kont danje, epi okenn paran pa ta dwe gen pou eksperimente okenn movèz repezantasyon oswa mefians bò kote sila yo ki gen responsabilite pou kenbe yo an sekirite. Pwojè lwa a pral ede asire ke moun ki ap pran swen moun yo se moun ki onèt konsènan pwofil yo, epi asire paran yo ke pitit yo nan men bon moun.”

“Pwojè lwa enpòtan sa a konble yon vid ki te gen nan lwa a lè li etabli yon obligasyon legal pou ke repezantasyon nan non yon moun ki ap pran swen timoun nan kay yo se repezantasyon ki presi. Mwen voye remèsiman bay Gouvènè Cuomo, toulède palman Lejislatif yo ak defansè Kevin ak Marina Krim yo poutèt yo ap pwoteje sekirite timoun yo ak nouvel lwa sa a”, **se sa Manm Asanble Steven Otis, ki te sipòte dokiman lwa a nan Asanble a, te deklare.**

**Kevin Krim te deklare,** “Marina ansam ak mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen Lwa ‘Lulu ak Leo’ a. Nou te anboche fanm ki te touye pitit nou yo baze sou yon seri manti delibere. Gras a sipò Gouvènè Cuomo ak travay di sipò yo Manm Asanble Otis, Senatè Lanza ansanm ak sipòtè konjwen yo, genyen kounye a yon efè disyazif djanm pou modèl desepsyon sa. Nou te onore epi rekonesan dèske eritaj pwisan Lulu

ak Leo a gen ladan pwoteksyon timoun ki vilnerab yo, paran, gadyen ak moun ki ap pran swen moun yo.”

Lwa “Lulu ak Leo” a etabli krim yon moun ki ap entansyonèlman fè yon fo deklarasyon alekri sou tèt yo oswa sou yon lòt moun pandan ke yo ap kontidere yo pou anbochaj, oswa pandan ke yo nan anbochaj kòm yon moun ki ap pran swen moun pou yon paran oswa gadyen yon timoun oswa timoun yo, oswa ajan yon paran oswa gadyen.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)